

Nim. 202.15

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinyite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 Mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesesè pou fè fas a ijans katastwòf la, oswa si sa nesesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas a katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, ap sispann oswa modifye pwovizwaman, pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 9 Me 2020, sa nou pral site la yo:

- Paragraf (4) nan soudivizyon (a) nan Seksyon 5-6.12 nan Tit 10 NYCRR la, ki regilarize pwodwi dlo nan boutèy oswa an gwo ke yo vann oswa distribye nan New York, pou pèmèt etablisman pwodwi dlo nan boutèy oswa an gwo yo ki aktyèlman te sètifye nan New York pou yo tanporèman, si apwovizyonman etikèt ke yo itilize regilyèman yo te fini, distribye pwodwi dlo nan boutèy oswa an gwo yo san yon nimewo sètifika ke Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) te bay epi ki sou etikèt pwodwi a, epi itilize etikèt ke nenpòt lòt eta te otorize. Yon fwa ke yo jwenn etikèt ki montre nimewo sètifika ke yo atribiye yo, yo dwe rekòmanse itilize yo;
- Seksyon 6808 nan Lwa sou Edikasyon an (Education Law) ak nenpòt règleman ke yo te pibliye pi ba la yo, nan tout anplè ki nesesè pou pèmèt yon fabrikasyon, konpayi anbalaj, oswa machann an gwo ki ap vann aparèy ak medikaman sou preskripsyon yo, ki fizikman lokalize deyò New York epi ki pa anrejistre nan New York yo, men ki akredite epi/oswa anrejistre nan nenpòt lòt eta, ka bay nan New York, aparèy ak medikaman sou preskripsyon yo;
- Seksyon 6808 nan Lwa sou Edikasyon an, Atik 137 nan NYCRR la nan tout anplè ki nesesè pou pèmèt yon famasi ki akredite nan New York resevwa medikaman ak materyèl oswa aparèy medikal ki soti nan yon famasi, machann an gwo, oswa antrepriz lojistik pati tyè ki pa akredite epi ki lokalize nan yon lòt eta pou kapab soulaje yon mank pwovizwa pou yon medikaman oswa aparèy ki ka lakòz yo pa ka bay swen sante nan kondisyon aktyèl yo:
  - Lokal ki pa akredite a li akredite yon fason ki apwopriye nan eta lakay li, epi famasi New York lan ka konsève dokiman verifikasyon lisans lan.
  - Famasi an ap konsève dokiman sou mank tanporè nenpòt medikaman oswa aparèy ke yo te resevwa nan men nenpòt famasi, machann an gwo, oswa antrepriz lojistik pati tyè yo ki pa akredite nan New York.
  - Famasi an respekte tout kondisyon pou konsève rejis yo pou chak medikaman ak aparèy ke yo te resevwa nan men nenpòt famasi, machann an gwo, oswa antrepriz lojistik pati tyè yo ki pa akredite nan New York.

- Nou ta dwe konsève tout dokiman ak rejis ki nesèsè anlè a, epi yo ta dwe disponib pandan twa ane apre fen ijans yo te deklare a.
  - Medikaman oswa aparèy ki te pwodwi pa yon fabrikasyon medikaman ki anrejistre epi te jwenn otorizasyon nan men FDA;
- Seksyon 6512 rive 6516, ak 6524 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 60 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt moun, ki te gradye nan pwogram medikal ki anrejistre epi akredite nan Eta New York yo an 2020, egzèsè medsin nan Eta New York, san nesèsite pou yo jwenn yon lisans epi san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans akreditasyon yo, a kondisyon ke moun ki gradye ki ap egzèsè medsin sa yo ta dwe nan tout ka yo anba sipèvizyon yon doktè ki akredite epi ki anrejistre pou ka egzèsè medsin nan Eta New York;
  - Souparagraf (ii) ak (iii) nan paragraf (b) ak paragraf (c) nan soudivizyon (4) nan seksyon 2801-a nan Lwa sou Sante Piblik la, ak souparagraf (ii) nan paragraf (c) nan soudivizyon (1) ak paragraf (c) nan soudivizyon (2) nan seksyon 3611-a nan Lwa sou Sante Piblik la, nan tout anlè ki nesèsè pou limite fonksyon revizyon Depatman Sante a pou dosye ki esansyèl yo sèlman pandan dire kriz sante COVID-19 la, epi pou dekrete nenpòt delè reglemantè pou notifikasyon transfè ki pou operatè antite Atik 28 ak Atik 36 ki akredite yo pandan tout dire deklarasyon ijans pou katastwòf sa a, ak nenpòt kontinyite ki vini apre ki gen ladan yo;
  - Seksyon 43 ak 45 nan Lwa sou Kòporasyon Relijye yo (Religious Corporations Law) nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt pawas Episkopal Pwotestan yo (Protestant Episcopal) pou yo ranvwaye nenpòt eleksyon anyèl epi enfòmè pawas la sou eleksyon sa a pandan eta ijans pou katastwòf nan Eta a san rezolisyon ak ratifikasyon fòmèl apati reyinyon;
  - Atik 3, 8, 9, 13, 15, 17, 19, 23, 24, 25, 27, 33, 34, 35, 37, ak 75 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònmatal yo (Environmental Conservation Law), ak Pati 552, 550, 601, ak 609 nan Tit 6 NYCRR la nan tout anlè ki nesèsè pou sispann kondisyon ki mande pou gen odyans piblik, a kondisyon ke yo ta dwe toujou aksepte kòmantè piblik swa yon fason elektwonik oswa pa lapòs, pou ka ranpli kondisyon patisipasyon piblik yo;
  - Seksyon 202(2)(a) nan Lwa sou Pwosedi Administratif Eta yo (State Administrative Procedures Act) nan tout anlè ki nesèsè pou ka pwolonje dat ekspirasyon notifikasyon yo pou reglemantasyon ki pwopoze yo jiska 90 jou apre Dekrè Egzekitif sa a, pliske li ka kontinye, fini;
  - Atik 70 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònmatal yo (Environmental Conservation Law), jan ke sa aplike pa Pati 621 ak 624 nan Tit 6 NYCRR la, ak Atik 17 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònmatal yo, jan sa aplike pa Pati 704 ak 750 nan Tit 6 NYCRR la pou trete aplikasyon pèmi yo, nan tout anlè ki nesèsè pou sispann kondisyon ki mande pou gen odyans piblik yo, a kondisyon ke yo ta dwe toujou aksepte kòmantè piblik kòm soumisyon alekri, swa yon fason elektwonik oswa pa lapòs, oswa pou ke nenpòt aparasyon ki nesèsè yo fèt pa konferans telefonik oswa lòt mwayen elektwonik yo.
  - Pati 375 nan Tit 6 NYCRR la ak Atik 27 nan Lwa sou Pwoteksyon Anviwònmatal yo nan tout anlè ki nesèsè pou sispann pandan dire Dekrè Egzekitif sa a reyinyon piblik yo anvan yo chwazi yon solisyon final nan espas yo jete fatra inaktif ki danjere yo, ak reyinyon piblik nan kèk espas pwogram netwayaj tèren endistriyèl yo, a kondisyon ke yo ka kontinye soumèt kòmantè alekri yo sou solisyon ke yo pwopoze yo epi yo pral evalye kòmantè sa yo lè y'ap pran desizyon sou solisyon yo;
  - Seksyon 3635 nan Lwa sou Edikasyon an, nan tout anlè ki nesèsè pou retade kondisyon 1 avril lan ki mande pou paran yo fè demann transpò yo nan distrik eskolè yo pou kapab jwenn transpò pou pitit yo pou pwochè ane eskolè a;
  - Seksyon 6512 rive nan 6516 ak 8510 nan Lwa sou Edikasyon an ak Soupati 79-4 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt teknisyen terapi respiratwa ki akredite epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans akreditasyon yo;
  - Seksyon 6512 jiska 6516, 8402, 8403, 8404, 8405 nan Lwa sou Edikasyon an ak Soupati 79-9, 79-10, 79-11 ak 79-12 nan Tit 8 NYCRR la, nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt konseye sante mantal yo, terapet maryaj ak familyal yo, terapet èv atistik kreyatif yo ak psikanalis yo ki akredite epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini pou yo egzèsè nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans akreditasyon yo;
  - Seksyon 3400, 3420 rive 3423, ak 3450 rive 3457 nan Lwa sou Sante Piblik la, nan tout anlè ki nesèsè pou pèmèt direktè finèrè ki akredite yo epi ki an règ nan nenpòt eta oswa tètwa nan peyi Etazini pou egzèsè kòm yon direktè finèrè nan Eta New York apre yo fin apwouve li, epi konfòmman a kondisyon sa yo jan ke Komisè Sante a ka enpoze sa, san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans akreditasyon yo nan Eta New York, a kondisyon ke direktè

finerè sa a ta dwe egzèse anba sipèvizyon yon direktè finerè ki akredite epi ki anrejistre nan Eta New York;

- Seksyon 3428 nan Lwa sou Sante Piblik la nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt yon direktè finerè ki akredite nan Eta New York, men ki anrejistre nan Eta New York, pou egzèse nan Eta New York apre yo fin apwouve li, epi konfòmman a kondisyon sa yo jan ke Komisè Sante a ka enpoze sa, san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans akreditasyon yo nan Eta New York, a kondisyon ke direktè finerè sa a ta dwe egzèse anba sipèvizyon yon direktè finerè ki akredite epi ki anrejistre nan Eta New York;
- Seksyon 1517 nan Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif yo (Not for Profit Corporation Law), Seksyon 203.3, 203.6 ak 203.13 nan Tit 19 NYCRR la ak Seksyon 77.7(a)(1) nan Tit 10 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun ke Komisè Sante a delege yo pou vin ajan ki otorize pa yon direktè finerè oswa antreprenè pou yo prezan epi sipèvize epi regle pèsònèlman pou retire oswa transfere chak kò moun ki mouri yo;
- Seksyon 1517 nan Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif yo, Seksyon 203.3, 203.6 ak 203.13 nan Tit 19 NYCRR la ak Seksyon 77.7(a)(4) nan Tit 10 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt moun ke Komisè Sante a delege yo pou vin ajan ki otorize pa yon direktè finerè oswa antreprenè, oswa yon medsen lejis konte a, doktè medsen lejis ak/oswa direktè medikal pou kò moun sa yo ki mouri epi ki anba sipèvizyon yo, pou yo sipèvize epi regle pèsònèlman livrezon yon moun ki mouri nan simityè, krematoryòm oswa yon kòbiya, ak yon kopi sètifika yo te ranpli a;
- Seksyon 4140 ak 4144 nan Lwa sou Sante Piblik la, Seksyon 1502, 1517 nan Lwa sou Kòporasyon San Bi Likratif yo ak Seksyon 203.1, 203.4, 203.8 ak 203.13 nan Tit 19 NYCRR la ak Seksyon 13.1 nan Title 10 NYCRR la, nan tout anplè ki nesèsè pou pèmèt Ofisye Eta Sivil Eta a (State Registrar) anrejistre sètifika desè yo epi bay pèmi antèman ak dechaj yo, sou demann yon ofisye eta sivil lokal ak sou apwobasyon Komisè Sante a.

**AN PLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 9 me 2020;

- Nenpòt otorite lokal, otorite leta oswa gouvènman lokal oswa lekòl, ki, konfòmman a nenpòt lwa gen yon odyans piblik ki planifye oswa ki otreman nesèsè pou fèt an avril oswa me 2020, ta dwe ranvwaye yo, jiska 1 jen 2020, san prejidi, sepandan odyans sa a ka kontinye si òganis oswa otorite piblik konvokasyon an ka fè odyans piblik lan a distans, apati itilizasyon konferans telefonik, konferans nan videyo, ak/oswa lòt sèvis similè yo.
- Pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 9 me 2020, Depatman Fiskalite ak Finans lan (Department of Taxation and Finance) gen otorizasyon pou yo aksepte siyati dijital yo olye de siyati alekri yo sou dokiman ki an rapò ak detèminasyon oswa kòlèk obligasyon fiskal yo. Komisè Fiskalite ak Finans lan ta dwe detèmine ki dokiman yo ta dwe aplike enstwiksyon sa a pou yo epi yo ta dwe defini apre sa kondisyon siyati dijital yo aksepte yo.
- Yo te sispann epi, avèk dokiman sa a, modifye Seksyon 8-400 nan Lwa Elektoral la tanporèman pou bay sa akoz prevalans ak pwopagasyon kominotè COVID-19 la, yo ka bay yon vòt elektè ki absan baze sou maladi tanporè epi li ta dwe gen ladan potansyèl pou rediksyon viris COVID-19 la pou nenpòt eleksyon k'ap òganize nan dat oswa apre dat 23 jen 2020;
- Sèlman pou nenpòt eleksyon k'ap òganize nan dat oswa apre dat 23 jen 2020, Seksyon 8-400 nan Lwa Elektoral la, avèk dokiman sa a, modifye pou pèmèt moun fè aplikasyon elektwonik, san nesèsite pou gen siyati oswa aparasyon an pèsòn pou ka jwenn aksè a yon vòt elektè ki absan.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan nevyèm jou mwa Avril

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a